

Tès ak pwosedi pou Jwenn epi Trete Kansè Po

Tests and Procedures to Find and Treat Skin Cancer – Haitian Creole

Nenpòt moun kapab gen kansè po. Anpil tach moun jwenn sou po yo pa kansè, men kèk tach taka kansè oswa pre-kansè. Doktè kapab souvan jwenn kansè po yo bonè lè yo pi fasil pou trete.

Si ou remake yon chanjman nan po ou, doktè ou ap bezwen fè yon egzamen pou tcheke li. Si chanjman an sanble li ta ka se kansè, doktè ou ap bezwen fè yon tès oswa pwosedi pou konnen si se kansè. Epi si ou gen kansè po, doktè ou ka itilize yon pwosedi pou trete li.



Tès pou Jwenn Kansè Po

Doktè fè yon byopsi pou tcheke ou pou kansè. Yon byopsi po se yon operasyon minè kote doktè a retire yon pati (echantyon) nan yon tach ki ta ka se kansè. Doktè a voye echantyon an nan yon laboratwa epi li gade echantyon an anba yon mikwoskòp pou wè si gen selil kansè ladan.

Kalite byopsi doktè ou bezwen fè a depanne kalite kansè po li ta ka ye. Doktè a ap analize gwosè zòn nan tou ak kote li ye nan kò ou pou ede deside ki byopsi pou li fè. Doktè a ap ba ou anestezi sou po ou pou ou pa gen doulè pandan byopsi a. Doktè a ap di ou fason pou pran swen kote byopsi a te fèt apre sa.

Byopsi apre razaj: Doktè a ap raze kouch anlè po a avèk yon lam. L ap itilize yon pomad, yon sibstans chimik oswa yon ti kouran elektrik pou sispann nenpòt senyman.

Byopsi avèk pwensonez: Doktè a itilize yon zouti ki sanble avèk yon istansil ki piti anpil pou bay kouki fòm pou retire yon echantyon pi fon. Doktè a koud pwent byopsi a ansanm souvan.

Byopsi ekserèz ak byopsi ensizyonèl: Doktè a itilize yon kouto chirijikal pou coupe yon echantyon pi fon nan po a. Doktè a ap retire yon moso po a. Doktè a koud pwent byopsi a ansanm souvan. Yon byopsi ekserèz ap retire timè a nèt. Yon byopsi ensizyonèl ap retire yon pati nan timè a sèlman.

Byopsi gangliyon lenfatik yo: Li pa komen pou kèk kansè po simaye, men sa posib. Doktè a ka fè yon byopsi gangliyon lenfatik yo pou wè si kansè a simaye toupre gangliyon lenfatik ou yo. Byopsi sa a pi enpòtan pase sa ki retire tach la. Li ka fèt avèk yon zegwi ki mens anpil. Oswa doktè a ka deside retire tout gangliyon lenfatik la.



Pwosedi pou Trete Kansè Po

Gen differan pwosedi doktè ta ka itilize pou trete kansè po. Pwosedi doktè a itilize a depanne kalite, gwo sè, ak pozisyon kansè po a. Doktè a ap ba ou anestezi nan po ou yon fason pou ou pa gen doulè pandan pwosedi a. Doktè a ap di ou fason pou pran swen kote byopsi a te fèt apre sa.

Eksizyon: Pou pwosedi sa a, doktè a app koupe kansè a ak yon pati nan po ki toutotou li avèk yon kouto chirijikal. Pafwa, doktè a koud pwent po a ansanm, men sa ap depanne gwo sè moso li bezwen koupe a.

Kitaj ak elektwo-desikasyon: Doktè a ap grata kansè a avèk yon zouti ki long ak mens pou retire li. Answit doktè a ap trete zòn nan avèk yon zegwi elektrik pou detwi nenpòt selil kansè ki ta ka rete.

Operasyon Mohs: Doktè a ap retire kouch men yo ki nan po a youn alafwa. Doktè a ap analize chak kouch anba yon mikwoskòp. Si doktè a wè kansè, lè sa al ap retire kouch po a. Doktè a ap kontinye fè sa jiskaske li pa wè selil kansè yo. Doktè itilize pwosedi sa a lè gen yon gwo risk ou kansè po a pral retounen apre tretman an. Doktè itilize pwosedi sa a tou lè li pa byen konnen ki kantite kansè po ki genyen. Epitou doktè ka itilize pwosedi a pou kenbe tout kantite po an sante ki posib pou kansè yo ki toupre zòn tankou zye, mitan figi a, zorèy yo oswa dwèt yo. Pwen kouti ka nesesè apre pwosedi a pou ede zòn nan geri.

Grèf po: Si doktè a retire yon gwo kansè po pandan operasyon an, ka pa gen ase po toupre ki rete pou koud maleng lan ansanm. Nan ka sa yo, doktè a kapab pran po nan yon lòt pati kò a (grèf) pou kouvri maleng lan epi pou ede li geri. Grèf po yo ka fè zòn nan sanble pi bon.

Pwosedi sa yo se sèlman kèk nan fason pou trete kansè po. Doktè ou ka vle tou pou ou swiv lòt kalite tretman, tankou imino-terapi, terapi sible, kimyoterapi, oswa radyoterapi. Tretman an pral depanne kalite kansè po ou genyen, gwo sè ak pwo-fondè li ye, epi si li simaye nan lòt pati kò ou.

Pale avèk ekip swen sante ou konsènan sa ki pi bon pou ou.

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd ak sipò jou-apre-jou, rele Sosyete Ameriken pou Kansè) nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb nou nan **cancer.org/skincancer**.

Nou la lè ou bezwen nou.



cancer.org | 1.800.227.2345

©2021, American Cancer Society, Inc.

Nimewo 080802

Nou utilize modèl yo pou objektif pou bay eklèsisman sèlman.

